*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 63 (25792)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 13 апрел — хуымгæнæны мæйы 13 бон, цыппæрæм   Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 СТАТИСТИКÆ — *РЦИ-Аланийы социалон-экономикон уавæр*
3 ЮБИЛЕЙ — *Культурæйы кусджыты профцæдисы 70 азы*
4 ЦАРДÆЙ ИСТ ХАБÆРТТÆ — *Мадырвадæлтæн хорз хæрæфырт — ныфс*

**Æмбырд**

## Уалдзыгон сидты фарстатæ

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО республикæйы æфсæддон комиссарады минæвæрттимæ, Хицауады кабинеты уæнгтимæ, районты хицæуттимæ, Мидхъуыддæгты министрады, Прокуратурæйы кусджытимæ скодта æмбырд, ныхас рауад уалдзыгон сидты мадзæлттыл.**

Рæгъмæ рахастой сидтонты медицинон æркасты, фæсивæды патриотон хъомылады фарстатæ. Уыдонæн бæрнон сты Ахуырад æмæ наукæйы министрад, æхсæнадон организацитæ. Республикæйы æфсæддон комиссары хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Абрил Абдуллаев** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй РЦИ-Аланийы муниципалитетты кусынц 9 сидтон къамисы.

Сергей Меняйло куыд радзырдта, афтæмæй æфсадмæ кæмæ сидынц, уыдон сæрмагонд æфсæддон операцийы нæ архайдзысты. Службæмæ сæ Донецкаг æмæ Луганскаг Адæмон республикæтæм, Запорожьейы æмæ Херсоны облæсттæм нæ арвитдзысты. Уый ма бæрнон адæймæгты æргом аздæхта паддзахадон хæс сæххæст кæнынмæ.

"Сидт цæмæй хуызæнæн уагыл ацæуа, уымæн республикæйы æмæ районты разамонджытæ бæрнон сты. Сидт кæмæ хауы, уыцы адæмæн хабар хъуамæ фехъусын кæнат, сидтон къамисмæ афойнадыл сæмбæлой", — бацамыдта Сæргълæууæг.

Сидтон хъуыддаг ахæсдзæн 15 июлмæ, Уæрæсейы 18-27-аздзыд граждæнтæ йæм бар дарынц. Уæрæсейы Президенты Указмæ гæсгæ хъуамæ æфсадмæ ацæуой 147 мин лæппуйы.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Нысантæ**

## Ног куыстуат æмæ куысты бынæттæ

**Компаниты къорд "Цех" ныр къорд азы дæргъы кусы нæ республикæйы. Аразы хæдзары дзаума: стъолтæ, бандæттæ, скъæппытæ, хуыссæнгæрзтæ, дивантæ æмæ афтæ дарддæр. Йæ директор МАХЪОТЫ Сослан нын фехъусын кодта:**

— Куыддæр фабрикæ аразын райдыдтам, афтæ нæм нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло æрбацыд æмæ нæ бафарста, цæмæй уын баххуыс кæнæм, зæгъгæ. Нæ фабрикæмæ æрбацæуæн нæ уыдис æмæ нæ куырдиат уыд асфальт фæндаг саразынæй нын баххуыс кæнын. Республикæйы Сæргълæууæг уайтагъд телефонæй адзырдта æмæ цыбыр рæстæгмæ Дзæуджыхъæуы Æнæзонгæ салдаты уынджы асфальт æвæрд æрцыдис. Уæдæй нырмæ нын æххуыс кæны нæ алы хъуыддаджы дæр, уымæн æмæ уыны, республикæйы хорздзинадæн кæй архайæм, уый. Ныртæккæ нæм кусы 126 адæймаджы, фæлæ нæ зæрды ис куысты бынæттæ фæфылдæр кæнын 400 адæймаджы онг, — загъта Сослан, æмæ ма дарддæр фæбæрæг кодта:

— Фабрикæ йæ куыст кæны, фæлæ официалон æгъдауæй нæма байгом стæм. Цалынмæ сæрмагонд хæстон операци цæуы, æмæ нæ фæсивæд, мах сæрибар царды сæраппонд, уым сæ сæртæ мæлæтмæ дæттынц, уæдмæ нæ бæрæгбæттæм не 'вдæлы.

Дзæуджыхъæумæ компаниты къорд "Цех"-мæ кусæг балцы хуынд æрцыд зындгонд уæрæсейаг скъола "Детали"-йы дизайнер-ахуыргæнæг **Тинæ Гуревич**. Уый сарæзта мастер-класс нырыккон дизайны сусæгдзинæдты тыххæй. Мастер-классмæ æрбацыдысты æрыгон дизайнертæ канд Цæгат Ирыстонæй нæ, фæлæ сыхаг республикæтæй дæр. Нæ уазджытæн æнæнхъæлæджы цау рауад, РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло сæ кæй бабæрæг кодта, уый. Регионы разамонæг разыйæ баззад фабрикæйы куыстæй æмæ арфæ ракодта Махъоты Сосланæн, республикæйы бюджетмæ зынгæ бавæрæн кæй хæссы, цæрджытæн куысты бынæттæ кæй аразы, уый фæдыл, æмæ Тинæ Гуревичæн, йæ дæсныдзинады сусæгдзинæдтæ, дизайны фыццаг къахдзæфтæ чи кæны, уыцы æрыгон фæсивæдæн æнæвгъауæй кæй лæвар кæны, уый тыххæй.



— Сосланы хуызæн амалхъом фæсивæд нæм кæй ис, уый хорз хъуыддаг у, уымæн æмæ нæ республикæйы цард фæхуыздæр кæнынил хъуамæ иумæйагæй архайæм. Сослан кусгæ фылдæр Мæскуыйы кæны, пайда та хæссы республикæйы бюджетмæ. Ахæм егъау инвесторты руаджы нæ республикæйы æххæстгонд цæуынц бирæ проекттæ. Абон ам цы мастер-класс арæзт æрцыд, уый фæпайда уыдзæн канд нæ республикæйы нæ, фæлæ æгас Хуссар федералон зылды дизайнерты дæсныдзинад фæбæрзонддæр кæныны хъуыддаджы. Уый тыххæй стыр бузныг зæгъын Махъоты Сосланæн æмæ Тинæ Гуревичæн. Махмæ дæр ис зонындзинæдтæ, æмæ мах дæр уыдонæй цæстуарзонæй бахай кæндзыстæм, — загъта Сергей Меняйло, æмæ ма дарддæр йæ ныхасыл бафтыдта:

— Фарон нæ къухы бафтыд сцалцæг кæнын æмæ саразын 170 объекты. Ацы аз сарæзтам 160 объекты. Кæд бирæты нæма уырны, уæддæр тагъд арæзт фæуыдзыстæм "Аланыстон-парк" æмæ "Мамысон".

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

**Экономикæ**

## Инвестицион проектты фæрцы

**Инвестицион проектты æххæсткæнынады фæрцы ацы азы кæронмæ Цæгат Ирыстоны сараздзысты 700 ног кусæн бынаты.**

— Проекттæ æххæст кæнын цы бон райдыдтам, уыцы бонæй нырмæ сыл бахардз кодтам ссæдз миллиард сомæй фылдæр, сарæзтам 600 кусæн бынаты, — зæгъы республикæйы экономикон рæзты министр **Кучиты Зауыр**.

Республикæйы рæзтæн ахъазгæнæг программæмæ кæй бахастой, уыцы фондз ахъаззаджы проектмæ хауынц 64 миллиард сомæй фылдæры аргъ туризмы, транспорт æмæ агропромышленнон комплексы къабæзты 11 дæлпроекты.



Æппæт проекттæ сæххæст кæныны фæрцы уыдзæн 2030 азмæ 54 миллиард сомæй фылдæр æнæбюджетон фæрæзтæй спайда кæныны æмæ 7 мин кусæн бынатæй фылдæр саразыны фадат.

Зæгъæм, 2025 азмæ æнæххæст бæрндзинады æхсæнад "Хъазахъхъаг хутор" бацæттæ кæндзæн 771 гектары фæзуат ахсæг фæткъуы бæлæсты дыргъдон, стæй, 50 мин тоннæйы дыргътæ дарæн кæм уыдзæн, ахæм æфснайæндон сараздзæн. Ныридæгæн дыргъæфснайæндонæн пластикон контейнеруадзæн цех скуыста.

2026 азмæ фæзындзæн агроэкотуристон парк "Ирыстоны зæхх". Æхсыргуыстгæнæг куыстуат "Мастер-прайм. Березкæ" æмæ иннæ компаниты зæрды ис райрæзты ног программæтæ царды рауадзын.

**("ТАСС")**

**Кусæг балц**

## Паддзахадон æххуыс исæг амалхъомтæ

**Социалон бадзырды бындурыл паддзахадон æххуыс исæг адæймæгты амалхъомадон фæзтæ бабæрæг кодта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис. Кусæг балцы йемæ уыд фæллой æмæ социалон рæзты министр АЙДАРТЫ Алинæ.**

Уыцы кусæг фæзтæй иу у лазеры фæрцы гравировкæ кæныны æрмадз, **Юлия Контопаулос** алыхуызон æрмæгыл кæны нывтæ, зæгъæм, цармыл, згъæрыл, национ бакастимæ зæрдылдарæн сувениртæ дæр аразы. Амалхъом Хицауады Сæрдарæн равдыста республикæйы картæ, дзаумæттæ, хъæдыл нывтæ. Паддзахады 'рдыгæй амалхъом цы æххуыс райста, уыдонæй балхæдта хъæугæ ифтонггæрзтæ, сæйраг æрмæг. Ныр йæ зæрды ис куыстад рапарахат кæнын, адæм ын йæ куыстытæ агурынц.

Дзанайты Барис профилон министрæн бафæдзæхста, цæмæй амалхъоммæ фæкæсой. "Республикæ паддзахадон фæрæзты фæрцы бынæттон продукциуадзджытæн æххуыс кæны, сæ хъуыддæгтæ сын парахат кæнын уадзы. "Мæгуырдзинадимæ тох"-ы паддзахадон программæйы руаджы нæм фæзынд мин ног кусæн бынаты, цæрджытæн æххуыс кæнæм куысты бынæттæ ссарыны, амалхъомадон архайды, хи хæдзарад дарыны. Программæ йæ ахадындзинад равдыста", — фæбæрæг кодта Дзанайы-фырт.

Æвдæлон рæстæджы центр "Гудвин"-мæ дæр бацыд республикæйы Хицауады Сæрдар. Проекты разамонæг **Гуыдиаты Наталья** у дунеон æмвæзады сертификатты, дипломты хицау. Йæ бон у фæсарæйнаг æвзæгтыл ахуыр кæнын, психологон æххуыс дæттын. Проект дæр баст у фæсарæйнаг æвзæгтæ ахуыр кæнынимæ, скъоладзаутæн æххуыс, хæдзармæ куыстытæ æххæст, фæлварæнтæм цæттæ кæнынимæ. Паддзахадон æххуысы фæрцы Гуыдиаты Наталья центрæн балхæдта техникæ, хъæдын дзаума.



Хицауады Сæрдар куыд радзырдта, афтæмæй нæ республикæ ис, социалон бадзырды бындурыл паддзахадон æххуыс дæттын кæм райдыдтой, уыцы фыццаг регионты 'хсæн. "Ныр уал дыууæ азмæ 3 мин адæймаджы спайда кодтой æххуысæй, Фæллойы ведомствæ хъуамæ хъуыддаг парахат кæна, кусджытыл йæ арм дара. Адæмæн дæр фадæтты тыххæй хъусын кæнын хъæуы, архайджыты нымæцыл хъуамæ æфта, уый нæ граждæнты царды уавæртыл фæбæрæг уыдзæн", — загъта Дзанайты Барис.

Цы ног авналæнтæ базыдтой, уыдоны тыххæй уазджытæн радзырдтой æрыгæттæ, Дзанайты Барис сын раафæ кодта, æнтыстдзинæдтæ, зонындзинæдтæ сын йæ зæрдæ загъта. Социалон бадзырд паддзахадон æххуыс райсыны у æппæты ахадгæдæр мадзал, граждæнты бон сæ у спайда кæнын "Хи амалхъомадон архайд байгом кæнын"-ы æмæ "Хи хæдзарад байгом кæнын"-ы республикон программæты.

Уыцы нысантæн 2021-2022 азты республикæ радих кодта 440 милуан сомы, ацы аз та ратдзæн 270 милуан сомы. Фæллой æмæ социалон рæзты министрад, социалон бадзырды бындурыл паддзахадон æххуыс райсыны тыххæй, муниципалитетты скодта 8 армукъа-равдысты. Граждæнтæн ис се сконд продукци уæй кæныны, сæ ерысхъомдзинад сын равдисыны фадат.

**БУТАТЫ Эльзæ**

**Бынæттон хиуынаффæйад**

## Былгæроны нывылад

**Дзæуджыхъæуы администрацийы зæрды ис Хъесаты Колкайы æмæ Зоя Космодемьянскаяйы уынгты тигъмæ 'ввахс ран Терчы былгæрæттæ бафснайын.**

Проект бавдыстой амынд ран уæвæг æнæстационарон базарадон объектты хицæуттимæ горæты администрацийы фембæлды рæстæг. Терчы былгæрон амынд ран фæзындзысты дæлбазыртимæ фæхсбандæттæ æмæ сывæллæтты хъазæн фæзтæ.

Ныртæккæ ам чи ис, уыцы æнæстационарон объекттæ иуварсгонд æрцæудзысты, ног базарадон бынæттæ та нымад уыдзысты ноггонд тыгъдады хайыл. Горæты администрацийы сæргълæууæджы фыццаг хæдивæг **Дзоблаты Зурабы** ныхасмæ гæсгæ, амалиуæггæнджытæй иу дæр йæ бизнесæй нæ фæцух уыдзæн. Конкурсон фæтк сæххæст кæныны æмæ проектон-аргъон гæххæттытæ бацæттæ кæныны фæстæ муниципалон бюджеты хардзæй аивкæнынады куысты фыццаг хай æххæст кæнын райдайдзысты.

Ацы аз проект сæххæст кæндзысты. 15 апрелы райдайдзæн æхсæнадон фæзуæтты нывылкæнынады объектты фæдыл хъæлæскæнынад. Амынд тæлм дæр хъæлæскæнынады номхыгъдмæ бахæсдзысты.

**Нæ уацхæссæг**

**Газетфыссынад**

## "Рæстдзинад" — 2023 азы дыккаг æмбисæн

**1 апрелы райдыдта 2023 азы дыккаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны сæйраг кампани. Иннæ хæттытау ныр дæр та "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафысдзысты сæ уарзон газет.**


РÆСТДЗИНАД
№ 1 (25245)
РÆСТДЗИНАД
№ 77 (25321)
РÆСТДЗИНАД
№ 55 (25299)
1 апрелы — Къостайы мысæн бон
Наукæйы бонтæ ЦИПУ-йы
Коронавирусы ныхмæ вакцинаци — медицинон колледжы дæр

**Фæлæ цард "зынаргъдæр" куыд кæны, афтæ рæстæгæй-рæстæгмæ бафты газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны аргъыл. Афтæ уыдзæн ныр дæр.**

**2023 азы дыккаг æмбисæн газет "Рæстдзинад" рафыссыны аргъ у 1356 сомы; адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыдонæн та газет рафыссæн ис асламдæрæй, ома, 1106 сомы æмæ 82 капеккæй.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстоны æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абоны æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр — газет "Рæстдзинад"!**

***Редакци***

## Дзырды фарн

*Бонтæ – райдзаст, бонтæ – амонд,*
*бонтæ – цин æмæ æнтыст,*
*бонтæ – кад, ысгуыхт, хъазуатон,*
*бонтæ – улæфт æмæ куыст.*

*ХОЗИТЫ Яков*

Боныхъæд — **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **13 апрелы,** уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **10-15 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **10-12 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,22

**Хурыскаст** — 05,20
**Хурныгуылд** — 18,42

Валютæйы аргъ — **Доллар** — 82,23 ↑ **Евро** — 90,28 ↑

12+

# Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы социалон-экономикон уавæр 2022 азы

| | 2022 азы | 2021 азимæ абаргæйæ, проценттæй нымайгæйæ | Уæрæсейы Федерацийы бæрæггæнæнтæ: 2022 азы, 2021 азимæ абаргæйæ, проценттæй нымайгæйæ |
|---|---|---|---|
| Промышленнон куыстады индекс 1) | X | 106,0 | 99,4 |
| "Арæзтад"-ы архайды хуызы æххæстгонд куыстыты гуырахст, милуангай сомтæ | 21843,2 | 124,1 | 105,2 |
| Инвестицитæ бындурон капиталмæ, милуангай сомтæ | 43318,2 | 108,4 | 104,6 |
| Хъæууонхæдзарадон продукци, милуангай сомтæ | 42468,6 | 110,3 | 110,2 |
| Автомобилон транспортæй уæзты зилдух, мингай тоннæ-километртæ | 11161,9 | 99,1 | 101,8 |
| Розницæйы базарады зилдух, милуангай сомтæ | 149190,0 | 97,4 | 93,3 |
| Æхцайы æцæг æфтиæгтæ | X | 98,7 | 99,0 |
| Фæллойы æцæг мызд | X | 97,4 | 99,0 |
| Афоны кæронмæ официалон уагæй хыгъд æрцæуæг æгуыст адæмы нымæц, адæймæгтæ | 3013 | 56,5 | 48,7 3) |
| Товартæ æмæ лæггæдты фæлхасадон æргъты бæрц | X | 113,4 | 113,8 |

1) Архайды хуызтæ "Къахгæ æрдзон хæзнаты амалкæнынад", "Хомагкусæг куыстадтæ", "Электрон тыхæй, газ æмæ доны тæфæй ифтонгад; уæлдæф сыгъдæгкæнынад", "Донæй ифтонгад, дон иуварс уадзын, æппарæццæгтæ æмбырд кæнынæн æмæ сæ бафснайынæн фадæтты арæзтад, чъизидзинæдтæ иуварс кæныны фæдыл архайд"-мæ гæсгæ.
2) Бæлвырдгонд бæрæггæнæнтæ. 3) "Роструд"-ы бæрæггæнæнтæм гæсгæ.

## Фæлхасадон базар

2022 азы розницæйы базарады зилдухы бæрц рауад 149190,0 милуан сомы, ома, æндæразы уыцы рæстæгимæ абаргæйæ, абаргæ æргътæй нымайгæйæ, 2,6% къаддæр.

2022 азы базарадон кусæндæтты æмæ индивидуалон амалиуæггæнджыты розницæйы базарады бæрц рауад 112274,1 милуан сомы, ома, æндæразимæ абаргæйæ, 2,7% къаддæр. Базарадон кусæндæтты æмæ индивидуалон амалиуæггæнджыты хай розницæйы базарады зилдухы рауад 75,3% (2021 азы — 75,4%).

Розницæйы базартæ æмæ армукъаты ауæйчындæуыд 36915,9 милуан сомы аргъ товартæ, ома, æндæразимæ абаргæйæ, 2,2% къаддæр.

2022 азы розницæйы базарады зилдухы структурæйы хойраджы бæрц, нозт æмæ тамакотæ нымайгæйæ, рауад 50,7%, промышленнон товарты бæрц та — 49,3% (2021 азы та — 50,3% æмæ 49,7%).

2022 азы адæмæн ауæй кодтой 75685,4 милуан сомы аргъ хойраг (нозт æмæ тамакотæ нымайгæйæ), стæй 73504,6 милуан сомы аргъ промышленнон товартæ. Товарон бæрцæй нымайгæйæ, æндæразимæ абаргæйæ, уый у 98,2% æмæ 96,7%.

2022 азы ауæй кодтой 1893,1 милуан сомы аргъ карз нозт æмæ бæгæны, ома, æндæразимæ абаргæйæ, абаргæ æргътæй нымайгæйæ, 1,1% фылдæр. Æндæраз куыд уыд, афтæ фарон дæр карз нозты хайон бæрц розницæйы базары зилдухы рауад 1,3%.

2022 азы декабры кæрон розницæйы базарады кусæндæтты уыд 47 боны дæргъы уæй кæнынæн фаг 5020,3 милуан сомы аргъ товартæ.



2022 азы æхсæнадон хæлцы зилдухы бæрц рауад 5935,7 милуан сомы, ома, æндæразимæ абаргæйæ, абаргæ æргътæй нымайгæйæ, 104,7%.

## Фæллойы базар

**2022 азы республикæйы æппæт куыстуæттæ æмæ кусæндæтты фæллойгæнджыты нымæц рауад 114,7 мин адæймаджы, ома, æндæразимæ абаргæйæ, 1,2% къаддæр.**

РЦИ-Аланийы Адæмæн куыстдæттæг комитеты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, 2022 азы декабры кæрон æгуыст адæмы номхыгъдтæм хаст уыд 3,1 мин адæймаджы. Æгуыст адæймаджы официалон уагæвæрд уыд 3,0 мин адæймагмæ (уый у, æндæразимæ абаргæйæ, 1,8 хатты къаддæр).

2022 азы декабры кæрон æххуысисæг æгуыст адæмы нымæц уыд 2,1 мин адæймаджы, ома, æндæразимæ абаргæйæ, 18,5% къаддæр.

2022 азы декабры кæрон куыстуæттæ æмæ кусæндæтты нæ фаг кодта 1073 кусæджы, æндæразы уыцы афон та — 1168 кусæджы.

## Арæзтад



**2022 азы республикæйы исбонады æппæт хуызты куыстуæттæ æмæ кусæндæттæ экономикæ æмæ социалон къабазы райрæзтæн бындурон капиталмæ спайда кодтой 43318,2 милуан сомы бæрц инвестицитæй (архайæг æргътæй нымайгæйæ), ома, 2021 азимæ абаргæйæ, абаргæ æргътæй нымайгæйæ, 8,4% фылдæр.**

2022 азы экономикон архайды хуыз "Арæзтад"-мæ гæсгæ æххæстгонд куыстыты бæрц рауад 21843,2 милуан сомы, ома, æндæразимæ абаргæйæ, абаргæ æргътæй нымайгæйæ, 124,1%.

2022 азы сарæзтæуыд 341,8 мин квадратон метры иумæйаг фæзуаты (дыргъдон цæхæрадæттæ дарынæн зæххы хæйттыл арæзт хæдзæрттæ дæр нымайгæйæ) 3450 фатеры, ома, æндæразимæ абаргæйæ, 106,1%.

Хицæн адæймæгтæ кæй сарæзтой, уыцы хæдзæрттæ хай æппæт цæрæнуæтты бæрцæй рауад 61,4% (иумæйаг фæзуатæй 209,9 мин квадратон метры, ома, 2021 азимæ абаргæйæ, 11,2% къаддæр).

Фарон кусын райдыдтой: 0,61 мин бынаты кæм ис, стурвосæн ахæм скъæттæ; уыцы-иу рæстæг 0,56 мин тоннæйы хос дарæн кæм ис, ахæм æфснайæндон; 1,78 мин гектары донхорыг зæххытæн донхорыггæнæн системæтæ; 14,78 мин квадратон метры кæй фæзуат у, ахæм базарадон кусæндæттæ; 1498 квадратон метры кæй фæзуат у, ахæм базарадон-офисон центртæ; рог хæдтулгæтæн техникон лæггадкæнынады 5 станцæйы; фæндагон лæггады 3 комплексы; 11,96 километры йæ иумæйаг дæргъ кæмæн у, ахæм автомобилон фæндæгтæ; 11,31 мин квадратон метры йæ иумæйаг фæзуат кæмæн у, ахæм иумæйаг-товарон скълæдтæ; 100 бынаты кæм ис, æхсæнадон хæлцы ахæм кусæндæттæ; бастдзинады 371,9 километры дæргъæн радиорелейон линитæ; 1 антеннон-мачтон ифтонггарз; 23,3 километры дæргъæн газы хызæгтæ (уыдонæй хъæуты — 21 километры).

Уымæй уæлдай, республикæйы сарæзтæуыд: 910 бынаты кæм ис, ахæм ахуыргæнæндæттæ; 1640 бынаты кæм ис, ахæм рæвдауæндæттæ; 408 бынаты кæм ис, хъæуты клубы хуызæн культурæйы ахæм кусæндæттæ; радмæ 140 адæймагæн бацæуыны фадат кæдæм ис, ахæм амбулаторон-поликлиникон кусæндæттæ; 80 бынаты кæм ис, ахæм фысымуæттæ; 1 физкультурон-дзæбæхгæнæн комплекс æмæ, 5118 квадратон метры йæ фæзуат кæмæн у, ахæм спортивон зал.

## Транспорт

Уæзæгтæ æмæ бæлццæтты ласын. 2022 азы экономикон архайды æппæт хуызты кусæндæтты автомобилон транспорт аласта 303,1 мин тоннæйы уæзæгтæ, ома, 2021 азимæ абаргæйæ, 10,4% фылдæр. Уыцы рæстæгмæ уæзæгты зилдух 0,9% фæкъаддæр.

2022 азы куыстуæтты æмæ физикон иуæгты автомобилон транспорт аласта 27,3 милуан бæлццоны, ома, æндæразимæ абаргæйæ, 22,0% къаддæр, амынд рæстæгмæ бæлццæтты зилдухы бæрц 17,3% фæкъаддæр.

## Æргътæ

Æндæразимæ абаргæйæ, 2022 азы республикæйы фæлхасадон базары æргътыл бафтыд 11,2% (Уæрæсейы — 11,9%), уыимæ, хойраджы товарты æргътыл — 7,7% (Уæрæсейы — 10,3%), промышленнон товарты æргътыл — 14,3% (Уæрæсейы — 12,7%), лæггæдты æргътыл — 13,7% (Уæрæсейы — 13,2%).

Промышленнон товаруадзджыты æргъты индекс рауад 104,7%, уыимæ, пайдайаг къахинæгты амалкæнынады — 109,6%, хомагкусæг куыстуæтты — 107,8%, электрон тыхæй, газ æмæ доны тæфæй æфсисады, уæлдæф сыгъдæгкæнынады — 101,4%.

Хъæууонхæдзарадон продукциуадзджыты æргъты индекс рауад 88,2%, уыимæ, зайæгойты продукци фæаслам 12,5%, фосдарынады продукци та — 1,6%.

Инвестицион нысаниуæджы продукцийы (хæрдзтæ, лæггæдтæ) æргъты иумæйаг индекс рауад 112,3%, уыимæ, арæзтадон продукциуадзджыты æргъты индекс — 105,4%, машинæтæ æмæ инвестицион нысаниуæджы ифтонггæрзтæ æлхæныны æргъты индекс — 125,3%, инвестицион нысаниуæджы æндæр продукцийы (хæрдзтæ, лæггæдтæ) æргъты индекс та — 114,4%.



2022 азы декабры кæрон хойраджы продуктты æппæтæй къаддæр бæрцы аргъ, мæймæ нымайгæйæ, рауад 5095,66 сомы, æмæ йыл, ноябры кæронимæ абаргæйæ, бафтыд 0,6%, афæдзы райдайæнæй фæстæмæ та — 1,6%.

## Социалон фарстатæ



Демографион уавæр. Ивгъуыд аз республикæйы цæрджыты нымæц 4879 адæймаджы фæкъаддæр. Амынд рæстæг райгуырд 7470 сывæллоны, ома, æндæразимæ абаргæйæ, 7,7% къаддæр. Амæлджыты нымæц рауад 7885 адæймаджы (ома, 19,4% къаддæр).

Республикæйы цæрджытæй æрдзон уагæй фæхъуыд 415 адæймаджы (æндæраз та — 1693 адæймаджы). Амæлæг адæмæй 29 сывæллоны (ома, 0,4%) афæдз дæр нæ фæцардысты. 2022 аз, æндæразимæ абаргæйæ, сывæллæтты мæлынады коэффициент 7,1% фæкъаддæр (ома, 1000 ноггуырдæй рæстæмбис нымадæй 3,9 сывæллоны афæдз дæр нæ фæцардысты).

2022 аз республикæйы сарæзтæуыд 2825 къайады, хæлд та æрцыд 3902 къайады. Æндæразимæ абаргæйæ, арæзт къайæдты нымæц 1,4%, хæлд къайæдты нымæц та — 37,5% фæфылдæр.

2022 аз республикæйы цæрджытæй миграцион уагæй фæхъуыд 4464 адæймаджы, æндæраз та — 3210 адæймаджы. Адæм Уæрæсейы Федерацийы æндæр регионтæм æмæ фæсарæйнаг бæстæтæм цæрынмæ кæй цæуынц, миграцион фæхъуыд уымæй аразгæ у.

РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады миграцийы фарстаты управленийы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, 2023 азы 1 январы нæ республикæйы фæзуатыл регистрацигонд уыд 62 лыгъд æмæ цæрæн бынæттæй æнæбары раивæг адæймаджы (2022 азы 1 январы сæ нымæц уыд 304 адæймаджы). Адонæй æппæтæй фылдæр — 53 адæймаджы (85,5%) — æрбацыдысты Гуырдзыстонæй.

## Пенситæ

**2023 азы 1 январы пенсийы рæстæмбис бæрц уыд 16621 сомы, ома, фароны уыцы рæстæгимæ абаргæйæ, 12,8% фылдæр. Фæлхасадон æргъты рæзт нымайгæйæ, æвæрд пенситы æцæг бæрц рауад 101,4%.**




## Адæмы царды æмвæзад æмæ се 'фтиæгтæ

2022 азы, æндæразимæ абаргæйæ, адæмы æхцайы æцæг æфтиæгтæ (фæлхасадон æргъты рæзт нымайгæйæ, æнæмæнг фидинаг фиддонтæ аппарыны фæстæ) рауадысты 98,7%.

2022 азы иу адæймагмæ мæймæ хауæг æхцайы æфтиæгты бæрц рауад 28948,6 сомы.

2022 азы адæмы æхцайы хуымæтæджы æфтиæгты бæрц рауад 239042,8 милуан сомы, ома, æндæразимæ абаргæйæ, 11,4% фылдæр, адæмы æхцайы хæрдзты бæрц та уыд 218071,7 милуан сомы (ома, 11,5% фылдæр). Æхцайы æфтиæгтæ рауадысты хæрдзтæй 20971,1 милуан сомы фылдæр.

2022 азы адæм æхцайы æфтиæгты иумæйаг бæрцæй товартæ æмæ лæггæдтæ æлхæныныл бахардз кодтой 82,2%, æнæмæнг фидинаг фиддонтыл — 8,3%, бындурон исбон æлхæныныл та — 2,2%.

2022 азы республикæйы æппæт куыстуæттæ æмæ кусæндæтты нымад рæстæмбис мызды (материалон æххуыс æмæ социалон фиддонтæ нæ нымайгæйæ) бæрц, æндæразимæ абаргæйæ, рауад 10,4% фылдæр.

Фæлхасадон æргъты рæзт нымайгæйæ, 2022 азы, æндæразимæ абаргæйæ, æцæг мызды бæрц рауад 97,4%.

## Промышленнон куыстад



2022 азы пайдайаг къахинæгтæ амал кæныны æппæт кусæндæтты хи уагъд æвгæд товарты, стæй хи хъарутæй æххæстгонд куыстытæ æмæ лæггæдты бæрц рауад 778,7 милуан сомы (архайæг æргътæй нымайгæйæ), ома, 2021 азимæ абаргæйæ, 120,5%, хомаджы куыстады — 26435,0 милуан сомы (144,1%), электрон тыхæй, газ æмæ доны тæфæй æфсадæг, уæлдæф сыгъдæг кæныны куыстадты — 15617,6 милуан сомы (92,4%), донæфсисады, дон иуварс уадзыны, æппарæццæгтæ æмбырд кæныны æмæ сæ æфснайыны кусæндæтты, чъизидзинæдтæ иуварс кæныны архайды — 2265,2 милуан сомы (101,7%).

2022 азы, 2021 азимæ абаргæйæ, æппæт кусæндæтты промышленнон куыстады индекс рауад 106,0%.

Доломит æмæ чъырдуры рауагъд кæй фæфылдæр, уый фæрцы пайдайаг къахинæгты амалкæнынады индекс рауад 101,4%.

Дзидзайæ конд хойраг 33,2%, æхсыр 1,9%, нæлхæ 43,0%, цыхтытæ 28,5%, æхсырæй конд хойраг 2,1%, спъирт 38,5%, водкæ 36,0%, суæрттæ 39,5%, уæнгроггæнæн нозт 89,5%, полимерон пленкæ 1,5%, авджын бæрцуæттæ 13,6%, товарон бетон 0,6% æмæ асфальт-бетон 12,0% фылдæр кæй рауагъдæуыд, уый фæрцы 2022 азы хомагкусæг куыстады индекс рауад 110,2%.

Маргъы дзидза рауагъдæуыд 11,4%, къалбас — 15,3%, адджинæгтæ — 15,1%, сырсыраг æмæ шампайнаг сæн — 12,3%, бæгæны — 3,4%, рудзынгæмбæрзæнтæ — 24,7%, агуыридур — 5,6%, блоктæ æмæ æндæр æмбырдгæнæн арæзтадон æрмæджытæ — 0,4%, æрдæгуадзæн приборта — 47,8%, стъолтæ — 37,6%, бандæттæ та — 19,3% къаддæр.

**Электрон тыхæй, газ æмæ доны тæфæй æфсисад, уæлдæф сыгъдæг кæнын.** 2022 азы, 2021 азимæ абаргæйæ, куыстады индекс рауад 95,5%. Электрон тых рауагъдæуыд 7,7%, хъармы тых та — 0,1% къаддæр.

**Донæфсисад, дон иуварс уадзын, æппарæццæгтæ æмбырд кæнын æмæ сæ æфснайын, чъизидзинæдтæ иуварс кæныны фæдыл архайд.** 2022 азы, æндæразимæ абаргæйæ, куыстады индекс рауад 107,6%.

## Хъæууон хæдзарад

**Фарон æппæт хъæууонхæдзарадон куыстуæттæ (хъæууонхæдзарадон, зæхкусæн (фермерон) æмæ хицæн адæймæгты хæдзарæдтæ) рауагътой 42468,6 милуан сомы бæрц хъæууонхæдзарадон продукци, æндæразимæ абаргæйæ, уый у, рагагъоммæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, абаргæ æргътæй нымайгæйæ, 10,3% фылдæр.**



**Зайæгойты куыстад.** Рагагъоммæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, æндæразимæ абаргæйæ, фарон æппæт хуызты хæдзарæдтæ, кæронмæ бакуысты фæстæ уæзæй нымайгæйæ, хор æмæ кæрддзæмджын культуртæ рауагътой 187,3 мин тоннæйы (21,4%) къаддæр. Картоф æрæмбырдчындæуыд 27,6%, гом æмæ æхгæд мæрæй халсартæ та — 15,6% къаддæр.

**Фосдарынад**. Ранымадмæ гæсгæ, 2022 азы декабры кæрон æппæт хуызты хæдзарæдты уыд стурвосы 100,0 мин сæры (ома, 2021 азимæ абаргæйæ, 1,6% фылдæр), уыдонæй хъуццытæ уыдысты 41,8 мин сæры (2,6% фылдæр), хуыты нымæц — 16,6 мин сæры (25,1% къаддæр), фыстæ æмæ сæгътæ — 126,5 мин сæры (2,7% фылдæр), мæргътæ — 1191,5 мин сæры (26,6% къаддæр).



Стурвосы 72,7%, хуыты 100,0%, фыстæ æмæ сæгъты 30,9% уыдысты хицæн адæймæгты хæдзарæдты (2021 азы декабры кæрон та амынд нымæцтæ уыдысты мæнæ ахæмтæ: 72,9%, 100,0% æмæ 31,3%).

2022 азы декабры кæрон, 2021 азы уыцы рæстæгимæ абаргæйæ, хъæууонхæдзарадон кусæндæтты стурвосы нымæц 3,4% фæкъаддæр, уыимæ, хъуццыты нымæцыл бафтыд 2,4%, мæргъты нымæц фæкъаддæр 73,5%, фыстæ æмæ сæгъты нымæц та — 13,9%.

Ранымадмæ гæсгæ, 2022 азы æппæт хуызты хæдзарæдтæ æргæвдынæн рауагътой 54,3 мин тоннæйы фос æмæ мæргътæ (удæгас уæзæй нымайгæйæ), 228,6 мин тоннæйы æхсыр æмæ 72,6 милуан айчы.

2022 азы декабры кæрон, 2021 азимæ абаргæйæ, хъæууонхæдзарадон кусæндæттæ фос æмæ мæргътæ æргæвдынæн (удæгас уæзæй нымайгæйæ) рауагътой 1,0%, æхсыр — 2,8%, æйчытæ та — 24,1% къаддæр.

Фарон æппæт хъæууонхæдзарадон куыстуæттæ дæр иу хъугæй æрдыгътой 5499 килограммы æхсыр (2021 азы та — 5482 килограммы).

**Хъæууонхæдзарадон продукцийы базарад.** 2022 азы, æндæразимæ абаргæйæ, хъæууонхæдзарадон куыстуæттæ æхсыр æмæ æхсырæй конд хойраг ауæй кодтой фылдæр, фос æмæ мæргътæ (удæгас уæзæй нымайгæйæ), стæй æйчытæ æмæ хор та — къаддæр.

“Цæгат Кавказстат”-ы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы управлени

Юбилей

# Культурæйы кусджыты профцæдисы 70 азы

**Ацы аз, апрелы, Уæрæсейы Культурæйы кусджыты профессcионалон цæдис бæрæг кæны йæ юбилей, æххæст ыл кæны 70 азы. Культурæйы кусджыты профессионалон цæдисы стори райдыдта XIX æнусы кæрон XX æнусы райдайæны. Уæд фыццаг иугæндтæ бахъавыдысты полиграфистты, музыкантты, актерты, сфæлдыстадон интеллигенцийы экономикон бартыл сдзурын.**

**Профессионалон цæдисты бындуры лæууыдысты мыхуыры хъуыддаджы кусджытæ. Мыхуыргæнджыты дзыллон быцæу райдыдта 1903 азы, 63 типографийæ дзы архайдтой 6 мин кусæджы. Стачкæйæн разамынд лæвæрдта "Фæллойы уавæртæ фæхуыздæр кæныны мæскуыйаг типографийы кусджыты цæдис". Домæнтæ дæр фехъуыстой, æххæст дæр сæ скодтой.**

Афтæ райдыдта йæ куыст профессионалон цæдис, мыхуыргæнджыты цæдис фæзынд 1905 азы, бирæ тухæнтæ бавзæрста, экономикон барты сæрыл дзурын æнцон никуы уыд. Профессионалон цæдисты разамонджыты-иу æрцахстой, цæдисты куыст къуылымпы кодтой, фæлæ уæддæр тох цыд æппынæдзух. Профессион иугæндтæ тыхджын уыдысты, нæ уагътой сæ тох, фæллойадон быцæутæ нывыл кодтой, æгуыст адæмы сæрыл дзырдтой, культурон-рухстауæн куыст кодтой.

Аивады кусджыты профессион змæлд фæстæдæр райдыдта, 1904 азы Бетъырбухы, Мæскуыйы, Одессæйы фæзындысты иугæндтæ. Иу профессион цæдисмæ баиу сты 1919 азы, 5 февралы, рахастой Аивады кусджыты æппæтуæрæсеон профессион цæдисмæ баиу уæвыны уынаффæ. Уый фæстæ скодтой фыццаг съезд, сæ размæ сæвæрдтой æнахуыргонддзинад аиуварс кæныны, райдзаст аивад аразыны, фæллойы базарады, фæлладуадзыны бон скæныны, иугонд тариф æмæ æндæр фарстатæ. Æнæштатон уавæртæ æвзарыны тыххæй скодтой Аивадон совет, бахуыдтой йæм аивады зындгонд архайджыты.

Терскаг облæсты профессион змæлд райдыдта XX æнусы райдайæны, февралы революцийы фæстæ кусæг къласы бавнæлдта дзыллон профессион организацитæ, фабрикæты-заводты комитеттæ аразынмæ. Уыдон тох кодтой фæллойадон барты сæрыл, кусæг къласы уавæр фæхуыздæр кæныныл. 1920 азы, 28 июлы, Дзæуджыхъæуы скодтой профессионалон цæдисты фыццаг конференци, архайдтой дзы 80 минæвары алыхуызон цæдистæй. Уæд фæзынд Терскаг облæсты профессионалон цæдисты рæстæгмæйы совет.

Аивæдты кусджыты профессионалон цæдисæн Дзæуджыхъæуы разамынд лæвæрдта **Красовский**, йæ ном архивты нæ баззад, фæстæдæр йæ куысты бынат аивта Мæскуымæ. Уæд Терскаг облæсты прфессионалон цæдисты уыд 487 уæнджы. Архайдтой куыстад саразыныл, тарифтæ æвзæрстой, æгуыстдзинадæн кæрон скæныныл, æнахуыргонддзинадимæ тох кодтой, хойраджы къуырцдзæвæнæй рахизын фæлвæрдтой.

Дзæуджыхъæуы Аивæдты кусджыты профессионалон цæдистæм 1925 азы бацыдысты горæты театры, кинойы, Музыкалон техникумы, фæскомцæдисы фистæгцæуæг 17-æм скъолайы æмæ 84-æм æхсæг полчъы оркестр. Фæстæдæр цæдистæм бацыдысты Пролетарон полчъы симфонион оркестры музыканттæ æмæ цирчы службæгæнджытæ. Фæллойгæнджыты бартæ хъахъхъæнынмæ, коллективон бадзырдтæ бафыссынмæ, цæхæрадæттæн зæххы хæйттæ дæттынмæ бавнæлдтой. Стыр æргом здæхтой ахуырмæ, дæсныйад райсынмæ, культурон-дзыллон куыстмæ, æндæр фарстатæм.

Дзæуджыхъæуы аивæдты кусджыты профессион цæдисты архайд бæрæг дардта, Сырх Æфсадимæ хæстон-армдарæг куыст бацайдагъ, суанг Советон Цæдисы фехæлды онг дæр куыстой. 30-æм азты профессионалон цæдистæ дæр банкъардтой респресситæ, се сконд фехæлд, демократион бындурæй куыстмæ кæй истой, уыдоны бæсты нысан кодтой æндæрты.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг Цæгат Ирыстоны профцæдистæ бархион дружинæтæ арæзтой, куыстуæттæ эвакуацимæ цæттæ кодтой, фронты знæгты ныхмæ тохгæнджыты бинонтæн æххуыс кодтой. Фæсхæст дæр сæ бавнæлд бæрæг дардта. Аивады профессион цæдисы уæнгтæ уыдысты зындгонд адæймæгтæ, аивады архайджытæ, режиссертæ æмæ артисттæ. Цæгат Ирыстоны цæмæй полиграфийы æмæ мыхуыры къабазы хæдбар профессион цæдистæ фæзыной, уый тыххæй 1952 азы, 2 ноябры скодтой конференци. Фæстæдæр, 1953 азы, баиу сты аивады, поли-




тикæ-рухстауæн, полиграфион æмæ мыхуыры, уæлдæр скъолайы æмæ наукон кусæндæтты профцæдистæ.

1953 азы, майы, Цæгат Ирыстоны фæзынд культурæйы кусджыты иугонд




профессион цæдис. Алы азты йын разамынд лæвæрдтой **М. Свешникова, З. Анисимова, Хуытъинаты Т.** Культурæйы кусджыты республикон профессион цæдисæн 1983 азæй 2020 азмæ разамынд лæвæрдта **Æгайты Светланæ**. Районты æмæ райдайæн организациты хицæуттæ сты номдзыд, зындгонд, алкæмæн дæр уарзон адæймæгтæ. Сæ алкæцыдæр кæддæриддæр цæттæ у кусджыты сæрыл сдзурынмæ, сæ бартыл стох кæнынмæ.

Фæсхæст фæзындысты куыстады архайыны ног мадзæлттæ: æмбырдтæ, хæдзарадон архайды ног хуызтæ, социалистон ерыстæ, фæллойы уавæртæм, базарады æмæ æхсæнадон хæлцадмæ æхсæнадон цæстдард, санаторон-курортон лæггæдтæ, сывæллæтты æнæниздзинад, кадавар товартæ уарын æмæ æндæртæ. 90-æм азтæ æваст фæкъуыхцы кодтой культурæйы кусджыты социалон-экономикон уавæр, фæллойгæнджыты сæрыл дзургæйæ, профцæдисты бахъуыд куысты ног мадзæлттæй пайда кæнын.

Æппæты ахсджиагдæр уыд мызд, фиддонтæ, пенси, стипенди афойнадыл райсын. Профцæдисты бахъуыд закъонаразджытимæ, хицауадимæ, алы æмбæзады депутаттимæ ныхас кæнын, домæнтæ æвæрын. Бахъуыд-иу дзыллон мадзæлттæ аразын, афтæмæй уавæр сабыргай нывыл кодта. Ныртæккæ Культурæйы кусджыты республикон профессион цæдисты сты 9 районы æмæ 116 райдайæн организацийы, баиу кодтой 4800 артисты, музыканты, нывгæнæджы, фыссæджы, клубты, музейты, библиотекæты кусджыты, мыхуыры фæрæзты, спорты, культурæйы къабазы кусæг æхсæнадон æмæ фæсивæдон организацийы минæвæртты. Уыдонимæ сты культурæйы, полиграфийы, аивады профессион техникон училищæты студенттæ. Сæ фылдæр, ома, 70 проценты, сты сылгоймæгтæ, 35 азы онг фæсивæд та — 29 проценты.

Абон дæр профцæдистæ тох кæнынц ныллæг мыздимæ, социалон æмгуыстады уавæртæ нывыл кæнынц, хуыздæр кæнынц барад хъахъхъæнынад, фæллойы уавæртæм цæст дарынц, фæллойы уавæртæ хуыздæртæй ивынц, æгуыстдзинадæн кæрон æвæрынц, федералон æмбæзады бюджетон къабазы кусджытæн иухуызон мызды бæрцыл тох кæнынц, мызды бындурон хайы бæрц хъуамæ 70 проценты фылдæр суа, инфляцимæ гæсгæ хъуамæ индексакцигонд цæуа. Профцæдистæ архайынц æндæр вазыгджын фарстатыл дæр.

Фæллойгæнджыты социалон-фæллойадон бартæ царды уадзыны тыххæй Культурæйы кусджыты профцæдисты республикон организаци уæлдай æргом здахы коллективон-бадзырдон компанийы рæстмæ. Фæстаг азты фæбæрæг ис æмгуыстад куыстдæтджыты, хицауадон архайджыты æмæ профцæдисты 'хсæн. Къабазы ис 17 разыйы гæххæтты, коллективтæ дæр сты 108 коллективон бадзырды хицауы. Культурæйы кусджыты профессион цæдистæ æртæ профилон ведомствæимæ бафыстой разыйы гæххæттытæ: РЦИ-Аланийы Культурæйы министрадимæ, РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты æмæ РЦИ-Аланийы Культурон бынтæ хъахъхъæныны æмæ сæ пайда кæныны комитеттимæ.

Профцæдисты реском архайы нормативон-барадон акттæн экспертизæтæ кæныны, фæллойадон быцæутæ æвзары, аттестацион къамисты архайы, йæ дæлхайæдтæн кæны консультацион æмæ практикон æххуыс. Профцæдисты уæнгтæ æмæ сæ бинонтæ сæхи дзæбæх кæнынц санаториты, курортты. Профцæдисты уæнгтæ 2021-2022 азты балæвæрдтой 180 куырдиаты, барадон æххуыс райстой 665 уæнджы, цæдисты разамонæг фембæлд 250 адæймагимæ. Æппæт уыцы барад хъахъхъæнынады хъуыддæгты экономикон ахадындзинад рауад 1350,7 мин сомы, уæлбар санаторон-курортон дзæбæхкæнынад райстой профцæдисты 100 уæнджы æмæ сæ бинонтæ.

Профцæдистæ æппынæдзух адæммæ хæццæ кæнынц сæ архайды бæрæггæнæнтæ, фæллойадон-социалон бартæ куыд хъахъхъæд цæуынц, уыдæттæ сын æмбарын кæнынц. Хуыздæр кусджытæ хорзæхгонд цæуынц профцæдисты хæрзиуджытæй, раззагдæр студенттæ райсынц стипендитæ. Организацийы 70 азы кадæн апрелы райдайæн скодтам спартакиадæ, спорты авд хуызы ерысты бацыдысты 11 командæйы. Дыгуыры драмон театры командæ бацахста 1-аг бынат, Аивæдты лицейы командæ рацыд 2-аг бынатмæ, Æрæфы районы культурæйы кусджыты иугонд командæ уыд 3-аг. Ис ма æндæр ерыстæ дæр ранымайæн.

Уæлдай æргом Культурæйы кусджыты профессионалон цæдистæ здахынц фæллойы æдасдзинады, фæллой хъахъхъæныны, кусæн бынæтты аттестацийы фарстатæм. Уыдæттæ бынат æрцахстой коллективон бадзырдты æмæ разыйы гæххæттыты. Республикон цæдистæ æппынæдзух ахуырмæ æрвитынц Краснодары регионалон центрмæ. Æрмæст 2021-2022 азты разамонджытæ, специалисттæ, æххæстбарджынтæ райстой фæллой хъахъхъæнынады тыххæй зонындзинæдтæ.

Райдайæн профессионалон организацитæ архайынц Профцæдисты Центрон Комитеты фæрцы конд алыхуызон Æппæтуæрæсеон конкурсты, дыууæ организацийы систы уæлахиздзаутæ. Дзæуджыхъæуы, П.И. Чайковскийы номыл музыкалон скъола банымадтой хуыздæр ахуыргæнæндоныл, бæхты театр "Нарты"-йы профцæдисты сæрдар **Махъоты Тамарæ** та райста "Профцæдисты сæрыстырдзинад"-ы конкурсы Гран-при.

Бирæ хъуыддæгтæ бафтыд профцæдисты къухы, фæлæ ма нæм разæй æнхъæлмæ кæсынц фылдæр нысантæ. Нæ республикæйы авналæнтæ уæрæх сты, профцæдисты статус æмæ кад хъуамæ нырыккон уавæрты уæлæмæ исæм. Ныртæккæ хъуамæ коллективтæ æнгом уой, æмбарой сæ иудзинады рахæцæнтæ, нæ профцæдисты стырдæр хæзна адæм сты. Уыдон алы хатт дæр равдисынц сæ зондахаст, хæдбардзинад, тохмæ цæттæдзинад, иумæйаг хъуыддагыл æнувыддзинад. Профцæдистæ раздæрау сты аккаг куысты, аккаг мызды æмæ аккаг царды фарс.

**ГОДЖИАТЫ Еленæ,**
**Цæгат Ирыстоны Культурæйы кусджыты профцæдисы сæрдар**

Ирон хъæлдзæг ныхæстæ

## Цыппар хæлары

*Фæндагыл фæцæйцыдысты цыппар хæлары: къуырма, къуылых, куырм æмæ бæгънæг. Æвиппайды къуырма тарстæй фæхъæр кодта:*

*— Бæхты хъæр хъуысын! Чидæр нæ æрбасуры!*

*— Æцæг у! — фæхъæр кодта куырм, — уæртæ сæм цас хæцæнгæрзтæ ис!*

*— Лидзæм! — сдзырдта къуылых, науæд нæ раййафдзысты!*

*— Тагъддæр, тагъддæр! — фæхъæр кодта бæгънæг, — науæд нæ бастигъдзысты!*

## Цывзытæ уæм нал ис?

***Горæтмæ чи 'рбалыгъд, иу ахæм джызæйлаг бахуыдта ногираджы. Нуазгæ бирæ бакодта уазæг, фæлæ дзы йæ сæрмæ ницы бацыд, йæ ком цы арыдта æндæр.***

***— Бахатыр кæн, фысым, цывзытæ уæм нал ис? — афарста уазæг.***

***— Ау, æмæ ма йыл ноджыдæр хъæуы? — фæдис кодта фысым æмæ уазæджы размæ рахаста кæфойы дзаг сырх цывзытæ.***

***— Курын дæ, мæ фысым: ацы хатт ма мæ хорз фенын дæ зæрды куы уа, уæд-иу мын мæ цывзыйы хай хидæй Терчы доны баппар, æмæ сæ Ногиры баназдзынæн.***

## Бæрцæй-иу дзы аназ!

*Иу хъæуæй иннæ хъæумæ иу расыггæнаг лæг арахъ фæцæйласта, æмæ дзы фæндагыл йæ зæрды баназын æрæфтыди. Йæ цухъхъæйы бæрц боцкъайы хуынчъы нытъгъыста, æмæ дзы дзæвгар, фаг банызта. Чысыл ма рауади, стæй уæрдонæй ахауди. Уалынмæ йыл æмбæлæг фæци æмæ йæ йæ хæдзармæ схæццæ кодта.*

*Дыккаг бон ын йæ мад уайдзæфтæ кæны:*

*— Худинаг дын нæу? Цæмæн афтæ бирæ нуазыс? Бæрцæй-иу дзы аназ, бæрцæй!..*

*Уæд æм фырт дзуры:*

*— Уæ, нана, бæрцæй дзы кæй баныztон, æцæг æмбисонды хауд уæрдонæй уæд акодтон фæндагыл...*

***(Рæстдзинад"-ы архивæй)***

Ног уагæвæрд

## Сæ хуыз — нывыл



**Дзæуджыхъæуы Сабырдзинады проспекты æппæт уæйгæнæн киосктæ дæр райсдзысты иу хуыз.**

Сæ нымæц æдæппæт уыдзæн фараст. Нырыдæгæн уал сæвæрдтой æртæ киоскы, цыппæрæм дæр фæзындзæн тагъд. Киосксты уæй кæндзысты дзул, мыхуыры продукци, дæттæ, стæй туристты хъæугæ информацион æрмæг нæ горæты, республикæйы тыххæй.

Горæты хицауады куыд загътой, афтæмæй ахæм киосктæ хъуамæ тагъд фæзыной Дзæуджыхъæуы иннæ рæтты дæр.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

Аивад

# Куадзæны фестивал

**16 апрелæй 9 майы онг цæуæг, Куадзæны уыцы 22-æм мæскуыйаг фестивал аххæсдзæн 50 уæрæсейаг горæтæй фылдæрыл.**

"ТАСС" куыд хъусын кæны, афтæмæй фестивалы программæтæ стыр æргом аздахдзысты композитор Сергей Рахманиновы райгуырды 150 азы юбилеймæ.

— Мариинаг театр Сергей Рахманиновы юбилей парахатæй бæрæг кæны. Æгас дунейыл æххæссæг композиторы арфæйаг дон разамонæг, Уæрæсейы адæмон артист **Гергиты Валери.**

16 апрелы бонæй Мариинаг театры симфонион оркестр концерт равдисдзæн Тверы, изæрæй та Мæскуыйы концертон зал "Зарядье"-йы байгом кæндзысты фестивал. Гергийы-фырты разамындæй Мариинаг театры оркестр



курдиат æппæтæй раздæр кад кæны Уæрæсейæн. Мæ хъуыдымæ гæсгæ, æппæт дунейы композитортæ ацы юбилей бафиппайдзысты. Сергей Рахманиновы музыкæ зæлы композиторы райгуырæн Новгороды, стæй, Рахманиновтæ кæм цардысты, Тамбовы облæсты уыцы Ивановкæйы хъæуы дæр, — загъта фестивалы аивараздæрау, бæстæйы алыхуызон горæтты равдисдзæн мидисджын концерттæ.

24 бонмæ 16 мин километрæй фылдæр ацæугæйæ, музыканттæ бирæ уæрæсейаг горæтты равдисдзысты концерттæ. Хъазаны, Екатеринбурджы, Сургуты, Тюмены, Новосибирскы, Красноярскы, Томскы, Кемеровойы, Омскы, Челябинскы, Пермы, Набережные Челныйы, Альметьевскы, Черный Отрогы, Оренбурджы, Самарæйы, Ивановкæйы, Тамбовы, Смоленскы æмæ æндæр горæтты аивадуарзджытæ Мариинаг театры артисттæм æнхъæлмæ кæсынц. Гергиты Валерийы разамындæй оркестр иу бонмæ æрбаздæхдзæн Бетъырбухмæ æмæ ам, Мариинаг театры, ног сценæ байгом кæныны цауыл 10 азы кæй сæххæст, уый кадæн 2 майы равдисдзæн стыр гала-концерт. Фæстæдæр коллектив концерттæ æвдисдзæн Череповецы, Вологдæйы, Калугæйы, Тулæйы, Пензæ æмæ Дæллаг Новгороды. 8 майы музыканттæ ногæй æрбаздæхдзысты бæстæйы сæйраг горæтмæ æмæ ам бонæй, стæй изæрæй "Зарядье"-йы равдисдзысты концерттæ. Уæлахизы бон Мариинаг театры симфонион оркестр Мæскуыйы Поклоны хохы фæзуаты равдисдзæн æрвылазон лæвар концерт, изæрæй та Мæскуыйы консерваторийы стыр залы сценæйыл фестивал кадджын уагæй сæхгæндзысты. Концерттæм æрбахондзысты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджыты, æнæкоммерцион æхсæнадон организациты минæвæртты, стæй Мæскуыйы сывæллæтты аивæдты скъолаты хъомылгæнинæгты. Ацы аз къордгай зарæггæнджыты программæйы архайдзысты Уæрæсе æмæ Белоруссийæ 20 коллективæй фылдæр.

**РУБАЙТЫ Зæринæ**

Чингуыты тæрхæгыл

# Балетмейстеры чиныджы кадæн

**Уæрæсейы Федерацийы аивæдты сгуыхт архайæг, балетмейстер УАРЗИАТЫ Хаджысмелы райгуырды 85 азы кадæн Адæмон сфæлдыстады республикон хæдзары хъæппæрисæй рухс федта чиныг "Легенда осетинской хореографии". Ныхас дзы цæуы Хаджысмелы сфæлдыстадон царды фæндагыл, чиныджы автор — ЦАРАХАТЫ Индирæ.**




Уарзиаты Хаджысмелы хонынц кафты дунейы æмæ аивады æнæхъæн дуг... Йæ æвæрд "Симд" зонынц æмæ уарзынц, куыд хъомысджын, ирд рагон ирон кафт. Йæ уæздан, фидауц æмæ аивдзинады тыххæй йæ Хаджысмел хуыдта ирон полонез. Сæрыстыр уыд национ кафты рæсугъддзинадæй, Ирыстонимæ цы- дæриддæр уыд баст, æппæт уыдæттæй. Ирыстон ын кæддæриддæр уыд фыццаг бынаты.

"Балетмейстер цы адæмы культурæйыл аныдзæвыд, уый раз хæссы стыр бæрндзинад ...", — æрмæст йæ ацы ныхæстæй дæр бæрæг у йæ ахаст, цы арæзта, уымæ. Ногдзинады уый зæронд хабæрттæ нæ агуырдта, фæлæ тырныдта, ногдзинады зæронд æууæлтæ ссарынмæ. Сценæмæ хаста йæхи æрмдзæф, æгъдæуттæ йæхæдæг куыд уыдта, афтæмæй. Уымæй Ирыстоны фæзынд кафты драмæйы жанр. Йе 'вæрд кæфтыты 'хсæн ирдæй зыны музыкалон-хореографион композици "Сой".

Цæгат Ирыстоны паддзахадон ансамбл "Алан"-ы йын бантыст 17 кафты сæвæрын, уыдонимæ, музыкалон-хореографион композици "Мад", "Джуктур", "Чепена", вокалон-хореографион сюитæ "Фæллойы бæрæгбон", "Хонгæ", "Фыййæутты хъæзтытæ", "Ирон сюитæ" æмæ æндæртæ.

Чиныг цымыдисаг уыдзæн, Уарзиаты Хаджысмелы чи зыдта, йæ сфæлдыстадæн ын аргъ чи кодта æмæ ирон кафты аивад хæстæг кæмæн у, уыцы дзыллæтæн. Хуызджын чиныджы фæлгонцы аивдзинадыл бакуыста дизайнер **Дзебысаты Златæ**.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

Акци

# Фыстæджытæ арфæтимæ

**Уæрæсейы Национ гвардийы æфсæдты федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы ацыд патриотон акци "Фыстæг салдатмæ".**




Украинæйы фæзуатыл цæуæг сæрмагонд æфсæддон операцийы тæлмы чи службæ кæны, гимназ "Диалог"-ы ахуырдзаутæ æмæ æфсæддонты цот ныффыстой нывтимæ арфæйы фыстæджытæ гвардионтæм. Къонверттæ сфидыдтой Уæрæсейы Хъæбатырты къамтимæ маркæтæй.

— Бæрндзинад равдисгæйæ, æмæ хъуыддаджы ахсджиагдзинад хатгæйæ, не 'взонг патриоттæ фронтмæ фыстæджытæ арвыстой. Фæсивæд Райгуырæн бæстæйы хъахъхъæнджытæн цæмæй кад кæной, акци уымæн ахъаз кæндзæн, — загъта акцийæн фадæттæ саразæг, пъæлицæйы кæстæр лейтенант **Гайты Юлия.**

Гвардионтæ сывæллæттæй æрвыст фыстæджытыл æхсызгонæй сæмбæлдысты.

**РЦИ-Аланийы Росгвардийы Управленийы пресс-службæ**

Юбилей

# Дзбойты Михал: скульптор, ахуыргæнæг, патриот

**Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт нывгæнæг, Цæгат Ирыстоны адæмон нывгæнæг хорзæхджын æрцыд "Ирыстоны Намысæн" æмæ Уæрæсейы Нывгæнджыты цæдисы æвзист майданæй "Духовность. Традиции. Мастерство" майданæй, у "Нарты фæткъуы"-йы националон премийы лауреат. Бирæ алыхуызон хæрзиуджыты хицау у Дзбойты Михал, сæ ахсджиагдæр адæмы уарзондзинад. Абон бæрæг кæны йæ 85 азы юбилей.**

Хетæгкаты Къостайы номыл университеты кæрты æвæрд цыртдзæвæн, ахуыргæнæндонæй Фыдыбæстæйы Стыр хæстæй чи нал сыздæхт, уыцы ахуыргæнджытæ æмæ студенттæн, Цъæйы комы Æфсатийы-цуанонты æмæ сырдты бардуагы скульптурæ, Дзæуджыхъæуы цæнгæт хидыл фыранкты скульптурæтæ, Суворовы бюст йæ номхæссæг училищæйы кæрты, Сергей Кировы цыртдзæвæн йæ номыл уынджы æмæ ма бирæ æндæр куыстытæ Ирыстоны алы рæтты. Се 'ппæты дæр йæ курдиат æмæ сфæлдыстадон æрмдзæфы руаджы Дзбойты Михал бауагъта уд. Уæвгæ та, уыцы хъуыддагыл кусы 50 азæй фылдæр.

Дзбойты Михал, хъармансындзыхъæуккаг лæппу райгуырд 85 азы размæ 13 апрелы. Каст фæцис уæды Орджоникидзейы педагогон училищæйы аивадон-графикон хайад, уый фæстæ та Мæскуыйы Суриковы номыл паддзахадон академион аивадон институты скульптурæйы факультет.

Советон Цæдисы, фæстæдæр та Уæрæсейы Нывгæнджыты цæдисы уæнг йæ арф зонындзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинад нæ хæлæг кæны Ирыстоны аивады ацы къабазы бæрзæндтæм тырнæг нывгæнджытæ æмæ скульптортæн. Бирæтæ дзы ныр сæхæдæг сты хъуыстгонд канд нæ республикæйы нæ, фæлæ Уæрæсе æмæ фæсарæнты. 30 азы Дзбойты Михал кусы Дзæуджыхъæуы аивадон



училищæйы, ног фæлтæртæн гом кæны аивады сусæгдзинæдтæ, ахуыр сæ кæны равзæрст сфæлдыстадон фæндаг уарзыныл.

Абон та йæ юбилейы кадæн РЦИ-Аланийы Нывгæнджыты цæдисы равдыстыты залы кадджын уавæры байгом Дзбойыфырты куыстыты сæрмагонд равдыст. Фенæн дзы ис алы азты арæзт куыстытæ — ирон истори æмæ нарты кадджыты темæйыл, портреттæ æмæ рельефтæ, стæй, Ирыстоны алы рæтты цы цыртдзæвæнтæ æвæрд æрцыд, уыдоны проекттæ.

Зæрдæбын арфæты аккаг у нæ уæлмонц æмæ зæххон курдиатæй хайджын æмзæххон. Йæ иузæрдион æмбалæн сæ хæццæ кæны ирон адæмон газет "Рæстдзинад" дæр. Зынаргъ Михал, цæр нын æнæнизæй, дæ курдиаты цæхæр ма бамынæг уæд, дæ аивадæй рухс кæн дзыллæты зæрдæтæ!

**Газет "Рæстдзинад"-ы кусджытæ**

Цыбыр радзырд

## Раджы кæддæр...

Хосгæрдæнты рæстæг уыди. Дзæбæх бонтæ хаста. Бинонтæ æмбырдæй райсом раджы ацыдысты уыгæрдæнмæ. Сихорырдæм, хур арвы астæумæ куы схызт, уæд иууылдæр сæ куыст ныууагътой — сæ фæллад уагътой.

Иу чындздзон чызг йæхи æмбатъыйыл ауагъта æмæ йæ сæрбæттæнæй йæ цæсгом æрæмбæрзта. Æвиппайды фæгæпп кодта æмæ хъæр кæнын райдыдта. Калм, калм мæ роны бабырыд. Чызг куы фезмæлы, уæд уый дæр. Чызг цъæхахст кæны фыртæссæй æмæ ратæхбатæх кæны. Иууылдæр æй уромынц, фæлæ уый нæ лæууы. Сæ фарсмæ кæй уыгæрдæн уыд, уыдоны лæппу йæ фæдыл уайын байдыдта æмæ йæ æрцахста. Фæлæ, чызджы цы змæлыд, уый куыд райстаид, уый нæ зыдта, худинаг æм каст чызджы дзаума схъил кæнын, не 'мбæлд йæ буар фенын.

Æппын фæстаг ын йæ уæллаг гуыр, ома кофтæйы астæу райхæлдта, æмæ дзы цы змæлыд, уый зæхмæ æрхаудта — гæккуыри уыд. Лæппу бахудт. Чызг фæлурсæй лæууыд. Æмæ та йæм лæппу сдзырдта: — Ныр дын дæ буар федтон, бавнæлдтон дæм, æмæ мын кургæ дæ.

Чызг æдзæмæй лæууыд, стæй сфæрæзта: Зонын æй. Джеоргуыбайы бон лæппу æмæ чызг чындзæхсæв скодтой.

Ахæм æгъдау дæр уыд кæддæр.

**ТМЕНАТЫ Дзерассæ**

Арфæ

## *Хъесаты Батырбеджы фырт Эльбрусæн йæ бæрæгбоны фæдыл*



*Хорз хион, хорз хæлар æмæ хорз сыхагæн æмбал нæй, фæзæгъынц. Эльбрус зоны цардæн аргъ кæнын, адæмимæ цæрын, ис ын хорз, фæзминаг кæстæртæ.*

*Цæстуарзон зæрдæйæ йæхимæ здахы хиуæттæ, хæлæрттæ æмæ йæ бирæ зонгæты ахаст. Цыфæнды хъуыддаджы дæр у фæзминаг, æдзухдæр ис адæмимæ. Мах сæрбæрзонд стæм Эльбрусæй, Хъесаты мыггаджы æгъдаухæссæг æмæ иугæнæг.*

*Ацы бон нæ зынаргъ Эльбрусыл æххæст кæны 70 азы. Хъæлдзæг æмæ дыл амондджынæй æмбæлæд алы хатт дæр дæ барæгбон! Æнæниз æмæ нын уæлахиз у царды! Дæ уарзон бинонтæ, дæ хорз кæстæртæ æмæ дæ алфамбылай хæрзмæбæлджытимæ Ирыстоны зæххыл цардæй бафсæд, нæ зынаргъ фыдыфсымæр!*

*Уастырджи — де 'мбал!*



***Ацы зæрдиаг арфæтæ дын кæнынц Игор æмæ Алыксандр***

Астæуккаг ахуырады кусæндæтты

# Хæдахуыр артистты аивад

**Горæтгæрон районы Ногиры, Культурæйы хæдзармæ æрбацæугæйæ, Цæгат Ирыстоны медицинон колледжы студенттæ дзы равдыстой Александр Фадеевы роман "Æрыгон гварди"-мæ гæсгæ æвæрд спектакл.**

Спектаклы архайæг алыхуызон курсыты студенттæ сæ цæсгæмттæ артистон уагæй сæхæдæг сахуырстой (ацы хъуыддагыл сæ сахуыр кодта Ирон театры профессион гример Икъаты Мзия). Театралон равдыст цæттæ кæнгæйæ, фæсивæд кæрæдзиимæ бахæлар сты. Спектакл фенынмæ æрбацæуæг адæм хæдахуыр артистты дæсны хъазтæй



иттæг разыйæ баззадысты. Актертæ-иу сæ хъазт куы фæурæдтой, уæд-иу сценæйыл æвæрд егъау экран æвдыста æрыгон гвардионты архайды тыххæй документалон уагæй ист видеороликтæ.

**РУБАЙТЫ Зæринæ**

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

# Бузныг, Аслæнбег!

Æрæджы Мызуры скъолайы ветерантæн-пенсиисджытæн уыдис фембæлд. Йæ аразæг уыдис Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг **Мзокты Аслæнбег**, æххуыс та йын кодта библиотекæйы сæргълæууæг **Сохиты Нинæ**.

Фембæлдæн ма се 'ххуысы хай бакодтой амалхъомады кусджытæ — **Елойты Аслан** æмæ **Мæрзойты Феликс**. Стыр бузныг сын уæд, æмæ сын Стыр Хуыцау арфæ ракæнæд!

Бæрæгбоны программæ бацæттæ кодта Сохиты Нинæ. Уый руаджы 8-æм къласы скъоладзауты раныхас æмæ арфæтæй ветерантæ тынг разыйæ баззадысты. Хъæлдзæгдзинад æмæ цины æнкъарæнтæ сæм сæвзæрын кодтой **Мæрзойты Зояйы** архивмæ гæсгæ ист къамтæ. Уыдис дзы цины цæссыгтæ.

Бæрæгбоны фæдыл Мзокты Аслæнбег бирæ арфæйы ныхæстæ загъта ахуырады куысты ветерантæн, сæ бирæазон удуæлдай куысты тыххæй. Ветерантæ тынг æхсызгонæй сæмбæлдысты кæрæдзиуыл. Кæд нал кусынц, уæддæр тынг æнувыдæй æрымысыдысты сæ уарзон скъолайы историон цаутæ, сæ куыст, се 'мкусджыты, сæ кæддæры скъоладзауты. Алчидæр сæ æрымысыд, цавæр худæджы цаутæ йыл æрцыд йæ куысты мидæг,



уыдон. Ссардтой, се 'хсæн чи нал ис, уыдоны рухс нæмттæ. Бæрæгбоны ветерантæ иууыл нæ уыдысты, чи дард цæры, чи та рынчын уыд, æмæ, тагъд рæстæджы куыд сдзæбæх уой, уый сын Стыр Хуыцауы цæст бауарзæд!

Фембæлды уыдысты: Мæрзойты Зоя, **Бæззаты Клавæ, Санахъоты Циалæ, Уалыты Эрæ, Мамытты Ольгæ, Бæззаты Ритæ, Куыдзиаты Евгения, Гиоты Альбинæ, Зæнджиаты Беллæ** æмæ **Тахъматы Нанæ**. Уарзондзинад æмæ цины æнкъарæнтæ, æмдзæвгæтæ, рæсугъд музыкæ хъуысыдысты æнæхъæн изæр. Рæстæг афтæ тагъд атахт, æмæ йæ ветерантæ æмбаргæ дæр нæ бакодтой.

Зæрдиагæй арфæ кæнæм фембæлд аразджытæн — Мзокты Аслæнбег, Сохиты Нинæ, Елойты Аслан æмæ Мæрзойты Феликсæн! Хъæлдзæг æмæ уыл æнæниз бонтæ кæнæд уæ бинонтимæ, Стыр Хуыцау уын æххуысгæнæг уæд!

Кæронбæттæны ветерантæ бауынаффæ кодтой, цæмæй арæхдæр кæной ахæм фембæлдтытæ.

**МЗОКТЫ-МАМЫТТЫ Ольгæ, ветеранты номæй**

Цардæй ист хабæрттæ

# Мадырвадæлтæн хорз хæрæфырт — ныфс

**Ссæдзæм æнусы райдайæны Урсдоны райгуырд ног бинонтæ — сæ цард баиу кодтой Гæдзауты сахъ лæппу Николай æмæ Ерыстауты рæсугъд чызг Маня. Рантыстис сын дзæбæх цот — фондз чызджы — Валентинæ, Кларæ, Розæ, Тамарæ, Нинæ æмæ лæппу Жорик (Георги). Куыд фæзæгъынц, цард сæм йæ мидбылты худт, сывæллæттæ рæзыдысты, хъомыл кодтой, ныййарджытæ сæ ахуыр кодтой куыстуарзагæй, хистæрты нымайыныл, æгъдауыл хæцыныл, адæмимæ цæрыныл.**

Азтæ цыдысты, æмæ уæдмæ райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Николай ацыдис тохмæ. Маня баззади æхсæз сывæллонимæ. Уæды рæстæг бирæ мадæлтæм æрхаудта ахæм хъысмæт. Фæлæ Маня нæ фæцудыдта, кæд-иу хатгай тынг зын фæлварæнты бахаудта, уæддæр йæ ныфс нæ састис, йе 'ппæт хъарутæй дæр архайдта, цæмæй сæ хъæбултæ æххормаг, бæгънæг ма уой, рæзой, сæ къæхтыл фидар слæууой...

Рæстæг цæуы æмæ фарн йемæ хæссы. Фæцис уæззау хæст, æгъатыр знаг дæрæнгонд æрцыд. Бинонты фыд Николай сыздæхт йæ уарзон хъæбултæм, йæ цардæмбалмæ. Фæлæ йыл хæсты цаутæ сæ фæд ныууагътой — баййæфта бирæ зындзинæдтæ, цалдæр хатты фæцис цæфтæ. Уæддæр йе 'ххуысы хай кодта бинонтæн, Маняйæн. Райгуырдис ма сын дыууæ чызджы — Динæ æмæ Зинæ.

Зæрдæргъæвд разындысты Николай æмæ Маняйы цот, ахуыры хъуыддаджы зивæг нæ зыдтой. Иууылдæр райстой уæлдæр ахуырад, систы, чи — ахуыргæнæг, чи — инженер, чи — дохтыр, чи — экономист...

> **Азтæ дугъон бæхау сты, тæхынц, иу иннæйы ивы. Рæстæг йæ куыст кæны, уымæн бауромæн нæй. Гæдзауты хæрæфырттæн сæхицæн дæр абон ис цот, сæрыстыр дзы сты мадырвадæлтæ, уарзынц сæ, афтæ æнувыд сыл сты кæстæртæ сæхæдæг дæр.**

Алкæмæн дæр дзы фæзындис ног бинонтæ, сæхæдæг систы ныййарджытæ. Бабирæ та сты хæрæфырттæ, сæ мадырвадæлтæ сæ буц кодтой, уыдон дæр сыл иу уысм быхст нæ зыдтой. Кæстæртæ сæ хистæрты фæзмыдтой алы хорз арфæйаг хъуыддæгтæй. Бирæтæ дзы райстой уæлдæр ахуырад, абон кусынц алы бынæтты, лæггад кæнынц сæ адæмæн, се 'мзæххонтæн.

Азтæ дугъон бæхау сты, тæхынц, иу иннæйы ивы. Рæстæг йæ куыст кæны, уымæн бауромæн нæй. Гæдзауты хæрæфырттæн сæхицæн дæр абон ис цот, сæрыстыр дзы сты мадырвадæлтæ, уарзынц сæ, афтæ æнувыд сыл сты кæстæртæ сæхæдæг дæр. Бахъуыды сахат сæ фарсмæ æрбалæууынц, се 'ххуысы хай æнæзивæгæй бакæнынц. Мæнæ æрæджы, стыр хъыгагæн, йæ цардæй ахицæн Николай æмæ Маняйы чызг Тамарæ (Зоя). Уый кæстæртæй, кæмæн мадыхо, кæмæн та фыдыхо уыдис. Æмæ, куы 'рбарынчын, уæд стыр мæты бахаудтой, нал æй зыдтой, куыд ахадгæдæр æххуыс ын бакæной, цавæр хуыздæр хос ын ссарой — Персаты Зæлинæ йæ чызг Лерæимæ, Гергиты Фатимæ æмæ йæ чызг Мариаиннæ (йæхæдæг дохтыр у, медицинон наукæты кандидат), Гæдзауты Ингæ (фелсыр) æмæ иннæ хæрæфырттæ.

Фæлæ хъысмæтимæ тохгæнæн нæй... Тамарæ куы нал уыдис, уæд ын йæ иунæг лæппу Мураты иу уысм дæр иунæгæй нæ уагъта Гергиты Алетæ, йæ бон цас уыдис, уыйас ныфсытæ йын æвæрдта.

Гæдзауты-Амилаханты Тамарæ (Зоя) бирæ азты дæргъы фæкуыста Цæгат Ирыстоны Финансты министрады бюджеты хайады сæргълæууæгæй, нымад уыдис тæккæ дæсныдæр æмæ фæлтæрдджындæр специалисттыл, саккаг ын кодтой фæллойадон Сырх тырысайы орден. Æхсæнадон куысты уыцы къабазы ахæм бæрзонд хæрзиуæг нæ республикæйы райста æрмæстдæр Тамарæ (Зоя). Уымæй уæлдай ма уыдис фæсивæдæн хорз зондамонæг, ахуыр сæ кодта фыдæлты æгъдæуттыл фидар хæцыныл, мадæлон æвзаг, райгуырæн зæхх уарзыныл. Йæ царды алы хъуыддагæй дæр фæзминагæй баззад æрыгæттæн, йæ бирæ хæрæфырттæн...

**ХÆМЫЦАТЫ Морис**

Фæндагон фæтк

## Фыдбылызы æууæлтæ

**Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрады кусджытæ паддзахадон фæндаг "Кавказ"-ы 540-æм километрыл æртæ хæдтулгæйы архайдимæ фæндагон-транспортон фыдбылызы æууæлтæ æвзарынц.**

Рагацау бæрæггæнæнтæм гæсгæ, 10 апрелы 9 сахаты æмæ 10 минутыл Беслæнæй Брутырдæм чи фæцæйцыд, Беслæнырдæм фæзилæг хæдтулгæ "Тайотæ" ахæм хæдтулгæ "Ауди"-йæн фæндаг нæ радта, æмæ афтæмæй амынд хæдтулгæтæ кæрæдзи сцавтой. Тыхджын цæфæй хæдтулгæ "Ауди" фæндаджы ныхмæцæуæг тæлммæ асхъиудта, æмæ йæ ам скъуырдта хæдтулгæ ВАЗ-2114.



Бæллæхы аххосæй амынд хæдтулгæты скъæрджытæ æмæ иу бæлццоны кæдæм баластой, немыцаг хæдтулгæйы скъæрæг-нæлгоймаг уæззау цæфтæй уыцы рынчындоны амард.

Фæндагыл цыды зынаргъ архайджытæ! Фæндагыл цыды фæтк бæстон æххæст кæнут! Уæхи æмæ иннæ адæймæгты бахизут фыдбылызæй!

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ**

Номарæн

# Хурау уыд зæххыл

Дунейы сконды, зæгъынц, æнусон мад дæр нæу. Æмæ, мад дæ зæрдæйы йæ рæвдыдæй бынат чи скæны, ахæм адæймаг цардæй куы ахицæн уа, уæд йæ бынат къахырæй баззайы. Уыдонæн сæ азтæ нымады нæ фæцæуынц, уыдон нын вæййынц фæндагрухсгæнджытæ, дæнцæгтæ. Сæ иу — Хæдарцаты-Годжиаты Рая. Уымæн йæ зæрдæхæлардзинад, адæймагондзинад, бæрндзинад, æфсарм æмæ æгъдау фæзминагæн баззадысты, чи йæ зыдта, уыдонæн. Сæ номхыгъд та у æнæкæрон.

Рая йæ сæрыхицау, фæллад хæстон Хæдарцаты Шамилимæ æрмæст сæхи кæстæртæ Аслæнбег æмæ Лидæйыл нæ архайдтой царды раст фæндагыл сæвæрыныл, фæлæ сæ хъысмæт æмбæлццон кæимæ кодта, уыдоныл се 'ппæтыл дæр. Æцæгæлон сын ничи уыд, алкæуыл дæр аудыдтой хиуонау.

Годжион дæс æмæ дыууиссæдз азæй фылдæр бакуыста нæ республикæйы ахуырады къабазы, сæ фылдæр хай — Дзуарыхъæуы астæуккаг скъолайы. Уый рæзгæ фæлтæры хуыдта хими æмæ биологийы дунемæ. Фæндыд æй, йæхицæн куыд цымыдисаг сты, уыцы ахаст æвзонг удты дæр равзæрын кæнын. Йæ мидбылхудт, йæ рæвдаугæ хъæлæс, йæ лæгъз дзыхыныхас скъоладзаутæм æвзæрын кодтой зæрдæргъæвддзинад.



Урок амонгæйæ-иу, йæ фæлмæн арм тæккæ тæлфагдæр ахуырдзауты сæртыл куы æрхаста æмæ сын-иу сæ дзыккутæ куы алæгъз кодта, уæд сæ цыма зæрин хур йæ зæлдаг тынтæй батавта, афтæ-иу сæм каст. Цал æмæ цал рæзгæ уды бауагъта ныфс ахуыры бæрзæндтæм схизынмæ, цал æмæ цал кæстæры сæвæрдта царды рæсугъд фæндагыл. Цæсгомы сыгъдæгдзинад, кад æмæ рæстаг уæвын Раяйæн уыдысты йæ царды бындур.

Рая хъомыладон куысты пайда кодта профессион арф зонындзинæдтæй, фыдæлты хъомылады ахъаззагдæр домæнтæй. Раст цыма йе уæны каст, уыйау уыдта сывæллæтты мидфдуне, арæзта æппæт фадæттæ сæ чысыл зæрдæты дуæрттæ байгом кæнынæн. Фæллой нымадта цард æмæ хъомылады бындурыл. Скъолайы цы стыр цæхæрадон уыд, уым йæ разамындæй сабитæ зайын кодтой алыхуызон халсартæ, рæсугъд дидинджытæ, гагадыргътæ. Ахуыр сæ кодта цæрæгойтыл æнувыд уæвыныл, семæ мæргътæн арæзта хæрæндæттæ æмæ ахстæттæ.

Хæдарцаты-Годжиаты Рая йæ алы ахуырдзауы зæрдæйы дæр ныууагъта йæ уды къæртт. Ацыд йе 'нусон дунемæ. Йæ фарн та баззад Ирæн.

**Хæдарцаты бинонтæ бузныг зæгъынц, Хæдарцаты-Годжиаты Абысалы чызг Раяйы зианы бон сæ фарсмæ чи æрбалæууыд, уыцы адæмæн, æмæ хъусын кæнынц, йæ афæдзы боны кæнд 14 апрелы, майрæмбоны, Дзуарыхъæуы, Брытъиайы-фырты уынджы 105-æм хæдзары кæй уыдзæн, уый.**

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Домашние соления: квашеная капуста, маринованная капуста с куркумой и с болгарским перцем, свекла по-грузински, соленые огурцы и помидоры. ТЕЛ.: 8-906-188-38-83.**

**Мамсыраты мыггаг, хъыгзæрдæйæ, хъусын кæны, зындгонд хæстон разамонæг, инæларбулкъон, Советон Цæдисы Хъæбатыр Мамсыраты Хаджумары чызг Ася йæ цардæй кæй ахицæн, уый. Йе 'вæрæн бон уыдзæн 19 апрелы, æртыццæджы, Мæскуыйы Новодевичевойы уæлмæрды.**

Номыры радхæссæг редактор — **Хуыбиаты Ларисæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ ныв тæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3439.
Заказ № 407.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**